# buleen ŋàññ ngelaw li, bu ngeen gisee lu ngeen sib, nangeen wax: Allaahuma innaa nas-aluka min xayri haasihi arriihi wa xayri maa fiihaa wa xayri maa umirat bihii, wa nahuusu bika min sarri haasihii arriihi wa sarri maa fiihaa wa sarri maa umirat bihii

Jële nañu ci Ubay Ibn Kahb -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «buleen ŋàññ ngelaw li, bu ngeen gisee lu ngeen sib, nangeen wax: Allaahuma innaa nas-aluka min xayri haasihi arriihi wa xayri maa fiihaa wa xayri maa umirat bihii, wa nahuusu bika min sarri haasihii arriihi wa sarri maa fiihaa wa sarri maa umirat bihii».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na ñuy saaga walla ñuy rëbb ngelaw li, ndaxte moom ki ko bind moo ko digal, day indi yërmànde di indi mbugal, te ŋàññ ko mooy ŋàññ Yàlla mi ko bind, ak bañ dogalu Yàlla, Yonente bi daal di jàngale ci nuy dellu ci Yàlla mi bind gelaw li ñaan ko yiw wi ci nekk ak wimu àndal niki indi taw ak toxal niir yi ak yu ko niru, ak muslu ci Yàlla ci ayam ak ay wi mu àndal niki yàq gàncax gi ak garab yi ak alag jur gi, ak màbb tabax yi, ak yu ko niru, ndax ñaan Yàlla loolu dëggal ag njaame la ñeel Yàlla.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee